



**PENILAIAN TENGAH SEMESTER II SEKOLAH DASAR
TAHUN PELAJARAN 2020 / 2021**

Mata Pelajaran : Bahasa Jawa
Kelas : III (Tiga)

Hari, tanggal : Jumat, 5 Maret 2021
Waktu : 07.30 - 09.00 (90 menit)

Petunjuk Umum :

1. Tulislah nama dan nomor pada lembar jawab!
2. Bacalah tiap-tiap soal dengan sebaik-baiknya!
3. Kerjakan lebih dahulu soal yang kamu anggap paling mudah!
4. Periksa kembali pekerjaanmu sebelum kamu serahkan kepada bapak/ibu guru!

I. Wenehana tandha ping (x) ing aksara a, b, c, utawa d sangarepe wangsulan sing paling bener ing lembar jawaban kang cumawis!

Wacanen tembang Pocung ing ngisor iki kanggo mangsuli pitakonan soal nomer 1 – 8!

Bapak Pocung renteng-renteng kaya kalung
Dawa kaya ula
Lakumu ing dalam wesi
Yen lumampah si pocung ngumbar suwara

1. Batangane tembang kasebut, yaiku
 - a. gunung
 - b. gunting
 - c. sepur
 - d. udun
2. Tembang Pocung kalebu jinise tembang
 - a. cilik
 - b. gedhe
 - c. tengahan
 - d. macapat
3. Tembang Pocung ing dhuwur ana ... larik.
 - a. 4
 - b. 5
 - c. 6
 - d. 7
4. Larik tembang macapat iku diarani
 - a. Guru lagu
 - b. Guru gatra
 - c. Guru wilangan
 - d. Guru sekolah

5. Tibaning swara (a, i, u, e, o) ing pungkasan gatra diarani
- Guru lagu
 - Guru gatra
 - Guru wilangan
 - pada
6. Guru lagu larik sepisan tembang Pocung yaiku
- a
 - i
 - u
 - e
7. Manut tembang ing dhuwur, Bapak Pocung awake dawa kaya
- wesi
 - dhadhung
 - kalung
 - ula
8. Lakumu ing *dalan wesi*. Tembung sing dicetak miring tegese
- trotoar
 - dalan gedhe
 - dalan TOL
 - rel

Wacanen kang pratitis kanggo mangsuli soal nomer 9–13!

Plesir Menyang WBL

Dina Minggu, Rini lan kanca-kancane sakelas plesir menyang Wisata Bahari Lamongan kang asring disingkat WBL. Kaya jenenge papan rekreasi WBL iku manggon ana ing Kabupaten Lamongan. Sadurunge budhal, Rini pamit marang bapak lan ibune. Ora lali Rini nyuwun donga pangestu. Pak Wibawa lan Bu Dewi meling supaya Rini ngati-ati ing papan rekreasi lan tansah nurut apa sing dingendikakake Bapak lan Ibu Guru sing ngampingi.

Jam lima esuk Rini lan rombongan budhal menyang WBL kanthi numpak bis. Tekan WBL watara jam woluh esuk. Bocah-bocah seneng banget dolanan ana ing papan iku. Akeh banget jinise wahana ing WBL, kayata Istana Bawah Laut, Guwa Insectarium, Space Shuttle, Anjungan Wali Sanga, Texas City, Paus Dangdut, Tembak Ikan, Rumah Kaca, lan Istana Bajak Laut. Kabeh wahana dijajal siji-siji dening Rini lan kanca-kancane. Ora krasa wektu wis nuduhake jam telu sore, Bapak lan Ibu Guru nimbali para siswa enggal bali menyang bis. Atine Rini bungah bisa rekreasi menyang WBL.

9. Irah-irahane crita ing dhuwur yaiku
- Wisata Menyang Lamongan
 - Plesir Menyang WBL
 - Istana Bajak Laut
 - Anjungan Wali Sanga

10. WBL kuwi mapan ing tlatah
 - a. Ngayogyakarta
 - b. Surabaya
 - c. Kabupaten Lamongan
 - d. Jakarta
11. Anggone plesiran menyang Lamongan ing dina
 - a. Setu
 - b. Minggu
 - c. Senen
 - d. Selasa
12. Atine Rini bungah bisa plesir menyang WBL.
Tembang bungah kosok balene
 - a. seneng
 - b. lega
 - c. bombong
 - d. susah
13. Wacan ing dhuwur kalebu pengalaman sing
 - a. nyenengake
 - b. nguciwakake
 - c. nrenyuhake
 - d. nyedhihake
14. Prastawa kang sejatine nate dilakoni diarani
 - a. crita
 - b. drama
 - c. pengalaman
 - d. prahara
15. Kadadean kang sipate nyedhihake kayata
 - a. kena banjir
 - b. munggah kelas
 - c. plesir
 - d. juwara lomba

II. Isenana ceceg-ceceg ing ngisor iki kanthi bener ana ing lembar wangsulan kang cumawis!

16. Tembang macapat cacahé ana
17. Saben sapada tembang Pocung kedadean saka ... gatra.
18. Cacahé wanda saben sagatra diarani
19. Guru wilangane tembang Pocung gatra kapisan yaiku
20. Watake tembang Pocung yaiku
21. Plesir menyang WBL kalebu pengalaman sing
22. Kacilakan, kepleset, kalebu pengalaman kang

23. Dhek dina Minggu aku sakluwarga plesir menyang Gembiraloka.
Tembung plesir tegese
24. Tembung pitakon kanggo ngandharake wektu kadadean prastawa, yaiku
25. Tekan WBL watara jam wolu esuk.
Basa kramane tembung esuk yaiku

III. Wangsulana pitakon-pitakon ngisor iki manut prentahe!

Wacanen tembang ing ngisor iki kanggo mangsuli pitakonan nomer 26 – 28!

Bapak pocung dudu watu dudu gunung
Sabamu ing alas
Ngon ingone sang bupati
Yen lumampah si pocung lembehan grana

26. Tembang macapat ing dhuwur diarani tembang apa?
27. Apa batangane tembang kasebut?
28. Tulisna guru wilangan lan guru lagune tembang kasebut!
29. Tulisna telu (3) bae tuladha crita pengalaman kang nyenengake!
30. Ukara ngisor iki owahana dadi basa krama!
Budhe arep piknik menyang Candhi Prambanan

Selamat Mengerjakan!